**दिन—बुधवार** **दिनांक—12.06.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

अठारहम लोकसभाक पहिल सत्र एहि मासक चौबीस तारीख सँ शुरू होयत। एहि सत्र मे नव निर्वाचित सदस्य लोकनिक शपथ, अध्यक्ष के चुनाव, राष्ट्रपति के अभिभाषण आ चर्चा होयत। जखनकि राज्यसभाक दू सय चौसठम सत्र के शुरूआत सेहो एहि मासक सताईस तारीख के होयत। संसदक सत्र तीन जुलाई के समाप्त होयत।

———————————————————————————————

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी नीट दू हजार चौबीस परीक्षा के परिणामक घोषणाक बाद सामान्यतः पूछल जायवला प्रश्नावली जारी कयलक अछि। एहि मासक चारि तारीख के घोषित कयल गेल नीट परिणाम मे कथित विसंगति के देखैत प्रश्नावली जारी कयल गेल अछि। परीक्षार्थी लोकनि के समय के हानि के लेल कृपांक देबा मे शिकायत निबारण समिति के भूमिका पर एजेंसी कहलक अछि जे एक समिति के गठन कयल गेल छल। समिति तथ्यात्मक रिपोर्ट के आधार पर शिकायत पर विचार कयलक। कोनो परीक्षार्थी परीक्षा मे सात सय अठारह आ सात सय उनैस अंक कोना प्राप्त कऽ सकैत अछि। एहि प्रश्नक उत्तर मे एजेंसी स्पष्ट कयलक जे कृपांक के कारण दू परीक्षार्थी लोकनि के सात सय अठारह आ सात सय उनैस अंक प्राप्त भेल अछि। एजेंसी इहो स्पष्ट कयलक जे मात्र एक हजार पांच सय तिरेसठि परीक्षार्थी लोकनि के हुनक समय के हानि के भरपायी के लेल कृपांक देल गेल। विदित अछि जे केन्द्रीय शिक्षा मंत्रालय नीट परीक्षा मे एक हजार पांच सय सँ बेसी परीक्षार्थी लोकनि के देल गेल कृपांक के समीक्षाक लेल चारि सदस्यीय पैनल के गठन कयने छल।

———————————————————————————————

विश्वविद्यालय अनुदान आयोग यूजीसी अगिला शैक्षणिक वर्ष सँ उच्च शिक्षण संस्थान के वर्ष मे दू बेर छात्र लोकनि के प्रवेशक लेल अनुमति देबाक निर्णय लेलक अछि। प्रवेश आब जनवरी आ फरवरी के संग—संग जुलाई आ अगस्त मे सेहो होयत।

———————————————————————————————

बिहार लोक सेवा आयोग तेसर चरणक शिक्षक नियुक्ति परीक्षाक संशोधित तिथि जारी कऽ देलक अछि। एकर अनुसार ई परीक्षा सभ जिला मुख्यालय मे उनैस सँ बाईस जुलाई धरि हेबाक संभावना अछि। अपर सचिव सह परीक्षा नियंत्रक जनौलनि जे उच्च न्यायालय के आदेशक आलोक मे चारि सँ दस जून धरि अतिथि शिक्षक लोकनि सँ ऑनलाईन आवेदन स्वीकार कयल जयबाक कारण परीक्षा तिथि मे परिवर्तन कयल गेल अछि।

———————————————————————————————————-

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सरकारी योजना सभक प्रगति के लेल अपन मंत्री लोकनि के विभिन्न जिला सभक जिम्मेवारी सौपलनि अछि। एहि संबंध मे श्री कुमार एक सूची जारी कऽ देलनि अछि। जारी सूची मे कुल उनतीस मंत्री लोकनि के भिन्न–भिन्न जिला सभक प्रभार देल गेल अछि। विदित अछि जे प्रत्येक जिला मे जिला कार्यक्रम कार्यान्वयन समिति होयत अछि जे बीस सूत्री सहित कतेको सरकारी योजना सभक प्रगति के समीक्षा करैत अछि।

———————————————————————————————————-

प्रदेश मे बेसी ठाम भीषण गर्मी आ लू के प्रकोप जारी अछि। मौसम विभागक अनुसार अगिला दू दिन धरि मौसम अहिना बनल रहत। विभाग पटना सहित प्रदेशक चौदह जिला मे भीषण गर्मी के रेड आ ऑरेंज अर्लट जारी कयलक अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटा के अंतर्गत छियालीस दशमलव पांच डिग्री सेल्सियस उच्चतम तापमान के संग बक्सर प्रदेशक सभ सँ गर्म स्थान रहल। राजधानी पटना के उच्चतम तापमान बियालीस दशमलव सात डिग्री सेल्सियस दर्ज कयल गेल। एहि मध्य मौसम विभाग कहलक अछि जे पंद्रह जून सँ प्रदेश मे किछु ठाम गर्जना के संग हल्का वर्षा हेबाक संभावना अछि। एहि सँ तापमान मे कमी भऽ सकैत अछि। एम्हर दरभंगा जिला प्रशासन भीषण गर्मी आ हीट वेव के देखैत दरभंगा मेडिकल कॉलेज अस्पताल मे बारह बेडक एक हीट वेव वार्ड बानाओल गेल अछि। जाहि मे कतेको एयर कंडिशनर लागाओल गेल अछि। ओतहि, पटना जिला प्रशासन सेहो भीषण गर्मी आ हीट वेव के कारण सभ कोचिंग संस्थान के पंद्रह जून धरि बंद करबाक ओदश जारी कयलक अछि।

———————————————————————————————————-

सुपौल जिलाक त्रिवेणीगंज थाना क्षेत्रक नेशनल हाइवे तीन सय सत्ताईस–ई पर ट्रक आ औटो के सोझे टक्कर मे दू महिला सहित चारि गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि। जखनकि दू गोटा गंभीर रूप सँ घायल भऽ गेल छथि। ऑटो मे छओ गोटे सवार छलाह। सभ मृतक त्रिवेणीगंज थाना क्षेत्रक महेशवा पंचायतक निवासी छलाह। ओतहि, मुंगेर जिलाक श्री कृष्ण

सेतु पुल पर एक तेज गति ऑटो ठाढ़ ट्रक मे टक्कर मारि देलक, घटना मे दू गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि। जखनकि सात गोटे घायल भऽ गेलाह।

————————————————————————————————————ɟ

गोपालगंज जिलाक नगर थाना क्षेत्र अंतर्गत एनएच सत्ताईस पर वाहन जांचक दरमियान पुलिस एक कंटेनर सँ उनैस ऊँट बरामद कयलक अछि। पुलिस अधीक्षक स्वर्ण प्रभात जनौलनि जे एहि मामिला मे चारि तस्कर के गिरफ्तार कयल गेल अछि। बारमद ऊँट मूल्य तीस सँ चालीस लाख टाका जनाओल गेल अछि।

जहानाबाद जिलाक घोसी थाना क्षेत्रक घोसी बाजार मे एकाएक कबाड़खाना मे आगि लागि गेला सँ लगभग बारह लाख टाका के संपत्ति जरि कऽ छाउर भऽ गेल।

पश्चिम चंपारण जिलाक भितहां थाना क्षेत्रक पुलिस गंडक नदी के भूईधरवा घाट पर नाह द्वारा तस्करी कऽ लऽ जा रहल छियासी कार्टन शराब के जब्त कयलक अछि।

————————————————————————————————————ɟ

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।